



Fèmte. Pètinans. Rezilta

Frank J. O'Reilly,
Distri 1

Lori Cunningham
Distri 2

Hazel Sellers
Distri 3

Dick Mullenax
Distri 4

Kay Fields, Prezidan
Distri 5

Margaret Lofton
Distri 6

Tim Harris, Vis
Prezidan Distri 7

Dr. Gail F. McKinzie
Sipèntandan

Margaret Anne Wheeler
Kòdonatè ki pi wo; Patisipasyon Kominotè
margaret.wheeler@polk-fl.net

Kòdonatè Volontè

Telefòn

Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk la nan Florid entèdi, nan pwogram li yo, sèvis, aktivite l'ap òganize oswa nan travay l'ap bay, tout fòm diskriminasyon ak pèsèkasyon ki chita sou ras, koulè, sèks, relijyon, peyi moun soti, sityasyon marital, laj, sanzabri, oswa enfimite, oubyen diskriminasyon ki chita sou lòt baz lalwa entèdi. Pou w fè yon plent, ou ka kontakte Biwo Ekite ak Respè Prensip nan Depatman Resous Imèn nan nimewo (863) 534-0513.

2010-2011

*Volontè nan Depatman Polk la
Lekòl Piblik nan Depatman Polk la*



Ti Liv

Volontè yo

Koneksyon ant Kominote a ak Sal Klas yo



1915 S. Floral Avenue
Bartow, FL 33831

Telefòn: (863) 534-0636
Fax: (863) 534-0705

www.polk-fl.net



Kalandriye Lekòl

Dat	Aktivite
Lendi 23 Out 2010	Premye Jou Lekòl Elèv yo
Lendi 6 septanm 2010	Konje –Elèv/Pwofesè/Asistan Pwofesè
Mèkredi 15 septanm 2010	Jou y'ap Lage Elèv yo Bonè
Lendi 20 septanm 2010	Jou Planifikasyon Travay Pèsonel la Konje –Elèv/Asistan Pwofesè
Mèkredi 6 oktòb 2010	Jou y'ap Lage Elèv yo Bonè
Vandredi 22 oktòb 2010	Jou Planifikasyon Travay Pwofesè yo Konje –Elèv/Asistan Pwofesè
Madi 9 novanm 2010	Remiz Bilten
Mèkredi november 10, 2010	Jou y'ap Lage Elèv yo Bonè
Semèn 22-26 novanm 2010	Konje –Elèv/Pwofesè/Asistan Pwofesè
Mèkredi 8 desanm 2010	Jou y'ap Lage Elèv yo Bonè
Vndredi 17 desanm 2010	Dènye Jou Klas Anvan Konje Livè
Lendi 20 desanm - lendi 3 an. 3, 2011	Konje pou Sezon Livè
Madi 4 janvyè 2011	Elèv ak Asistan Pwofesè Retounen Lekòl Apre Konje yo
Mèkredi 12 janvyè 2011	Jou y'ap Lage Elèv yo Bonè
Lendi 17 janvyè 2011	Konje –Elèv/Pwofesè/Asistan Pwofesè
Lendi 24 janvyè 2011	Jou Planifikasyon Travay Pwofesè yo Konje –Elèv/Asistan Pwofesè
Mèkredi 2 fevriye 2011	Jou y'ap Lage Elèv yo Bonè
Vandredi 4 fevriye 2011	Remiz Bilten
Mèkredi 16 fevriye 2011	Jou y'ap Lage Elèv yo Bonè
Lendi 21 fevriye 2011	Konje –Elèv, Pwofesè, Asistan Pwofesè
Madi Premye mas – Jedi 3 mas 2011	Tès FCAT nan Matyè Ekri
Mèkredi 9 mas 2011	Jou y'ap Lage Elèv yo Bonè
Lendi 14 mas – Vandredi 18 mas 2011	Konje pou Sezon Prentan
Lendi 11 avril – Jedi 21 avril 2011	Tès FCAT
Madi 19 avril 2011	Remiz Bilten
Vandredi 22 avril 2011	Konje –Elèv/Pwofesè/Asistan Pwofesè
Mèkredi 27 avril 2011	Jou y'ap Lage Elèv yo Bonè
Mèkredi 11 me 2011	Jou y'ap Lage Elèv yo Bonè
Lendi 30 me 2011	Konje –Elèv/Pwofesè/Asistan Pwofesè
Vandredi 3 jen - jedi 9 jen 2011	Gradyasyon/Egzamen Final yo
Jedi 9 jen 2011	Dènye Jou Lekòl Elèv yo

Rezon ki fè gen jou y'ap lage elèv yo pi bonè se pou travay planifikasyon ak aktivite pwofesyonèl pwofesè yo. Y'ap lage elèv yo 60 minit pi bonè nan jou sa yo.

Volontè nan Lekòl Polk yo



Lis Fòmasyon Volontè

Mwen te:

- Ranpli yon aplikasyon
- Rankontre ak Kòdonatè Volontè a
- Patisipe nan seyans oryantasyon
- Ale ede yon pwofesè oswa ale fè yon lòt travay
- Gen yon kote espesyal pou m travay kòm volontè

Mwen konnen:

- Kouman pou m enskri non mwen nan òdinatè VIPS ki la pou sa a
- Kote pou m jwenn kat idantifikasyon volontè mwen
- Kote pou m mete machin mwen
- Kalandriye lekòl la, lè yo ouvè ak lè yo fèmen, nimewo telefòn lekòl la
- Règleman disiplin yo
- Sa pou fè lè gen dife
- Nimewo telefòn enpòtan lekòl la
- Ki moun pou m rele lè mwen pa ka vini
- Ki sa pou m fè si pwofesè a pa la
- Ki bò yo mete materyèl pou travay nan klas yo
- Kisa pou m fè si m sispèk y'ap maltrete oswa yo neglije yon timoun mwen gen sou responsablite m pou m travay
- Ki bò pou m manje pandan m'ap ede kòm volontè



School Board of Polk County

P.O. BOX 391

BARTOW, FLORIDA 33831

1915 SOUTH FLORAL AVENUE

BARTOW, FLORIDA 33830

(863) 534-0500 • SUNCOM 515-1321

Manm Direksyon an

PREZIDAN
KAY FIELDS
DISTRI 5

FRANK J. O'REILLY
DISTRI 1

LORI CUNNINGHAM
DISTRICT 2

HAZEL SELLERS
DISTRI 3

DICK MULLENAX
DISTRI 4

MARGARET A. LOFTON
DISTRI 6

TIM HARRIS
DISTRI 7

C. WESLEY BRIDGES, II
Konsèy Jeneral

Administrasyon
Gail F. McKinzie, Ph.D.
Sipèntandan Lekòl yo

Mwen kontan pou mwen akeyi w kòm volontè nan Lekòl nan Kanton Polk la. Angajman w nan edikasyon bay elèv yo yon opòtinite pou yo jwenn atansyon endividyèl, kidonk atansyon grenn pa grenn, ki enpòtan anpil pou siksè yo nan lekòl la.

Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk la santi l fyè pou patisipasyon kominote a nan lekòl nou yo. Lane dènyè, plis pase 26,000 volontè te bay plis pase 942,000 lè sèvis nan lekòl nou yo, ki te reprezante plis pase 17 milyon dola kòm don yo te bay.

Kòm yon volontè apwouve, ou se yon wòl modèl pou elèv yo. Ou dwe fè sèlman sa lekòl kote w'ap sèvi a mande w fè, e ou dwe rete nan limit règleman direksyon jeneral lekòl la trase.

Volontè yo ede pèsònèl lekòl la ogmante eksperyans elèv yo ap fè nan lekòl la. Ou se yon pyès enpòtan nan tout jefò k'ap fèt pou bay elèv yo pen lenstriksyon an. Pwofesè yo ak elèv yo ap konte sou ou.

Mwen swete ou pral jwenn satisfaksyon nan eksperyans w'ap fè kòm volontè. Nou konte sou ou pou w vin yon defansè pou lekòl yo nan pataje eksperyans pozitif w'ap fè e nan ankouraje lòt moun pou yo vin pote kole kòm volontè tou nan lekòl la.

Sensèman,

Gail F. McKinzie, Ph.D.
Sipèntandan

*Lekòl nan Depatman Polk la-
Yon enstitisyon ki bay menm
opòtinite nan ledikasyon ak nan
anplwa*

Volontè nan Lekòl Polk yo



Avantaj pou Volontè

Asistan

Sal Klas

Volontè yo travay ak pwofesè sal klas yo pou ede yo nan divès pwòje. Volontè li istwa pou elèv, prepare enfòmasyon y'ap afiche sou tablo, travay nan aktivite mizik, teyat, espò oswa aktivite edikatif pou televizyon. Volontè yo ede pwofesè k'ap angaje elèv yo nan pwòje aprantisaj.

Klinik

Èd klinik yo resevwa fòmasyon espesyal pou bay elèv sèvis epi ede nan aktivite resepsyonis. Èd klinik yo gade sekre dapre règleman FERPA ak HIPPA yo.

Laboratwa òdinatè

Volontè ki gen talan nan òdinatè e konesans nan lojisyèl bay pwofesè ak elèv anpil èd.

Sant Aparèy la

Volontè travay nan biwo sant lan, katalog ak liv nan kazye yo, remete liv yo nan plas yo, manevre materyèl odyovizyèl epi egzekite demann pwofesè ak elèv.

Biwo

Travay w'ap gen pou fè nan biwo gen ladan yo tape dokiman, rantr enfòmasyon nan òdinatè, reponn telefòn, fè fotokopi oswa lòt travay biwo.

Volontè nan Lekòl Polk yo



Avantaj pou Volontè

Pwogram pou Motive Jenès la

Motivatè lajenès yo rankontre chak semèn ak yon elèv lekòl leta ki pa gen èd, nan klas primè, klas entèmedyè e klas segondè nan tout peyi a. Yo mande pou w pran fòmasyon.

Lè: Inèdtan pa semèn

Envesti nan Timoun

Yo bay elèv klas segondè ki pa gen anpil mwayen bous detid pou kolèj, yo ba yo konseye, moun ki pou ede yo nan leson yo, epi yo ba yo sipò manch long, yon fason pou yo ede yo reyisi.

Kontakte: Susan Fenich 519-8077

Pwogram Gran Frè/Gran Sè

Gen kèk lekòl ki itilize pwogram gran frè ak Gran Sè pou yo bay elèv yo konseye yon fwa nan semèn nan klas primè e/oswa nan pwogram apre klas yo.

Kontakte: Carrie Varnadoe 682-5191

Konseye ki nan lekòl yo kapab aplike pou pwogram Gran Frè/Gran Sè (682-5191) kòm konseye kominotè pou pase tan lekòl la ak elèv yo.

Akonpayatè Elèv

Volontè, ki pi souvan se manm fanmi, akonpaye elèv yo nan pwomnad lajounen tankou leswa.

Kantite Tan: ½ jounen plen

Moun yo Envite pou vin Pale

Moun yo envite pou vin pale pataje eksperyans travay, vwayaj, tan lib ak eksperyans kiltirèl ak elèv nan sal klas anseyman “Great American Teach-In” nan Lekòl Polk nan mwa Novanm oswa lè li nesèsè.

Kantite Tan: Primè: 20-30 minit Segondè: 45-60 minit

Volontè nan Lekòl Polk yo



Byenveni!

Volontè yo se pyès enpòtan nan tout Lekòl nan Depatman Polk la. Volontè lekòl ranfòse kalite edikasyon timoun nou yo nan:

- Ranfòse talan pwofesè yo;
- Bay chak elèv atansyon li bezwen;
- Ede elèv kwè nan tèt yo e ede yo vin konpetan;
- Prepare elèv pou yo ka vin sitwayen responsab

Chak lekòl prepare pwogram volontè yo pou yo satisfè bezwen elèv ak pwofesè yo. Anba gouvènans direktè a, kòdonatè volontè a bay fòmasyon ak eksplikasyon k'ap ede w santi ou gen sekirite pandan w'ap ede elèv yo.

Ti liv sa a gen enfòmasyon konsènan ki sa yo mande w pou fè kòm volontè. Li bay yon rezime sou divès opòtinite, règleman ak responsablite.

Mèsi pou tan ou bay elèv nou yo!

Sensèman,

Margaret Anne Wheeler
Kòdonatè
Patisipasyon Kominotè

Volontè nan Lekòl Polk yo



Tab Matyè

- 1 **Demach**
 - Otorizasyon (Apwouve)
 - Mete Enfòmasyon w yo tou nèf
 - Oryantasyon
 - Idantifikasyon
- 2 **Enskri non w**
 - Orè Travay Volontè
 - Konduit
 - Telefòn Selilè
 - Disiplin
- 3 **Responsablite nan Sal Klas**
 - Timoun ki pa nan Lekòl la
 - Absans
 - Ijans Timoun
 - Mande èd
 - Volontè ki Soti nan Òganizasyon ki pap fè Pwofi yo
- 4 **Pwoteje Elèv nou yo**
 - Lwa Jessica Lunsford
 - Pwoteje Volontè nou yo
- 5 **Konpansasyon Travayè**
 - Avantaj Taks pou Volontè
 - Jèn ki Volontè yo
 - Pwogram Volontè pou Grammoun ki pran Pansyon
 - Anplwaye kòm Volontè
- 6 **Pwomnad**
- 7 **Règleman Direksyon Jeneral la**
- 8 **Travay ak Elèv Separeman**
- 9 **Avantaj Pou Volontè**
 - Moun k'ap bay Leson
 - Komite Konseye Lekòl
 - Òganizasyon Paran
- 10 **Pwogram Motivasyon pou Jèn Envesti nan Timoun**
 - Akonpayatè Elèv
 - Moun yo Envite vin Pale (Prezantatè)
- 11 **Asistan**
 - Sal Klas
 - Klinik
 - Laboratwa Òdinatè
 - Sant Aparèy la
 - Biwo
- 12 **Lis Fòmasyon**
- 13 **Kalandriye Lekòl 10-11**

Volontè nan Lekòl Polk yo



Opòtinite (Avantay) pou Volontè

Bay Leson Sal Klas

Moun k'ap bay leson travay separeman oswa ak ti gwoup elèv ki bezwen ratrapaj nan sijè tankou (lekti, matematik, Angle, Syans, Syans Sosyal) pou ranfòse talan elèv yo.

Kantite Tan: 1 è chak semèn1 è chak semèn

ESOL – Anseyman Angle pou Moun ki Pale Lòt Lang

Moun k'ap bay leson nan pwogram sa a pral ede elèv ki pa pale Angle ogmante talan yon an konpreyansyon, pale, li ak ekri Angle. Volontè yo pa bezwen pale lang manman elèv la.

Kantite Tan: 1 è chak semèn

Lekòl pou Moun Majè

Moun k'ap bay moun majè leson ap travay separeman ak moun majè k'ap aprann talan ki pi senp yo. Yo voye volontè yo nan sant pou moun majè, kote elèv ap prepare tès GED oswa aprann talan pi senp yo

Kantite Tan: 1 – 1½ è chak semèn

Konsèy Komite Lekòl la

Konsèy Komite Lekòl la travay an ekip ak ekip lekòl la pou devlope Plan Amelyorasyon Lekòl la, jan sa di nan lwa Eta a. Se eli yo eli paran ak elèv nan Konsèy Komite Lekòl la. Direktè a nome manm kominote a nan Konsèy la. Konsèy Komite Lekòl la reflekte balans rasyal ak etnik popilasyon elèv nan lekòl la e yo fè reyinyon omwen 4 fwa chak ane.

Kantite Tan: 1 è chak mwa

Òganizasyon Paran (PTO/PTA, Aletik, Ranfò)

Òganizasyon paran kreye jan direktè a deside sa. Yo responsab pou yo koube yo anba regleman ak demach distri a. Yo sipòte lekòl yo nan divès aktivite tankou nan ranmase lajan e nan patisipasyon kominotè.

Kantite Tan: Li varye

Volontè nan Lekòl Polk yo



Travay ak Elèv Separeman

- Prezante tèt ou e di elèv yo pou ki sa ou la e ki lè w'ap vin ede kòm volontè. Aprann non elèv la e kouman li pwononse e eple li.
- Fè konesans. Chache konnen ki sa ki enterese elèv la. Yo bezwen gen enfòmasyon tou sou ou. Pandan w'ap etabli rapò ak elèv la, pran pasyans. Li ka pran tan pou nou tou de (2) vin alèz. Pawòl ou ak aksyon w ap montre elèv la si w se yon moun k'ap pran swen moun.
- Fè yo fè w konfyans. W'ap fè modèl konduit responsab pou elèv.
- Si w pap la, rele lekòl la e mande pou yo di elèv yo ou pa kapab vini pou jou sa a. Se va yon desepsyon pou elèv yo men y'ap rasire yo ou se yon moun ki responsab anpil lè w rele lekòl la.
- Ede elèv la kwè nan tèt li. Fè elèv la konpliman espesyal e souvan. Fè konpliman pou sa ki pozitif; pa okipe sa ki negatif.
- Kite elèv la konnen li nòmal pou nenpòt moun fè erè. Piga w pè pou w fè erè ou menm. Nou aprann nan erè nou yo!
- Koute avèk atansyon, men fè elèv la konsantre sou sa l'ap fè a.
- Eksplikasyon w yo dwe kout e klè.
- Bay elèv yo plis tan pou yo reflechi, yon fason pou yo ka jwenn repons kesyon an.

Pa dekouraje si w pa wè chanjman rapid nan atitud oswa nan pwogrè akademik elèv la. Li te pran tan pou yo rive jan yo ye a, e l'ap pran tan pou chanjman an fèt. Ou AP fè yon chanjman, menm si w ka pa la pou wè rezilta pozitif k'ap vini.

Volontè nan Lekòl Polk yo



Demach

Otorizasyon

Anvan yo bay sèvis yo kòm volontè, kandida pou volontè yo ranpli yon fòm nan sit entènèt lekòl la. Yo dwe bay yon chèk sètifye oswa yon money order (manda postal) 24 dola, ki fèt sou non Polk County School Board (Direksyon Jeneral Lekòl la). Se yon sèl fwa w'ap peye frè sa a pou yo tcheke istwa vi pase w pou wè si w pat fè krim; kòb sa a pa ranbousab. Y'ap ba w yon resi e ou ka ranpli enpo taks ou avèk li. **Pa gen okenn moun k'ap janm kapab travay kòm volontè si yo pa apwouve. Yo pap apwouve volontè apre dat premye fevriye.**

Kòdonatè volontè lekòl la kontakte volontè a lè li resevwa otorizasyon an. Si w gen kesyon konsènan nan ki nivo aplikasyon w lan ye, rele lekòl ou aplike pou w volontè a.

Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman polk la gen dwa refize privilèj volontè pou yon moun epi refè kontwòl sou pase kriminèl lè sa nesèsè.

Mete Enfòmasyon w yo tou nèt

Lè non w, adrès ou, nimewo telefòn ou oswa lekòl ou te aplike pou al volontè a chanje, enfòmè kòdonatè volontè ou, ki pral renouvle do.

Oryantasyon

Yo mande volontè pou yo asiste oryantasyon volontè lekòl la anvan y'al fè premye travay yo kòm volontè. Si yo pat fè oryantasyon pou ou, avèti kòdonatè volontè nan lekòl ou a.

Idantifikasyon

Y'ap fè yon kontwòl pou tout vizitè ak volontè lekòl la pou yo wè si yo pat delenkan seksyèl. **Vizitè yo** ap mete yon badj an papye lè yo nan etablisman lekòl la. Yo bay **volontè** yon badj volontè jòn k'ap idantifye w kòm yon volontè apwouve. Wè kòdonatè volontè nan lekòl ou a si yo pat ba w idantifikasyon kòrèk la.

Mete Enfòmasyon w yo Ajou

Lè non w, adès ou oswa lekòl ou chanje, kòdonatè volontè nan lekòl ou a pral mete enfòmasyon w yo tou nèt.

Volontè nan Lekòl Polk yo



Demach Enskripsyon

Yo mande w pou w antre nan Sistèm Swivi Volontè a pou w siyen chak fwa w'ap sèvi kòm volontè. Kolaborasyon w pèmèt nou wè ki kote ou ye si ta gen yon ka dijans, ba ou asirans Konpansasyon Travayè si w ta pran yon chòk, epi verifye sèvis volontè w kòm eksperyans travay oswa kòm dokiman pou tribinal.

Yon fwa yo apwouve w, y'ap ba ou yon modpas ki gen 11 chif. kòdonatè volontè lekòl la ap montre w ki kote òdinatè Sistèm Swivi Volontè a ye.

Lè ou bay kòm Volontè yo

Anrejistre tout lè ou travay kòm volontè! Volontè ak lekòl yo kalifye pou resevwa prim nan men Depatman Edikasyon nan Florid dapre kantite lè yo travay kòm volontè.

Lè ou fè ap travay kòm volontè andeyò etablisman lekòl la enpòtan tou. Bay kòdonatè Volontè a lè ou travay andeyò etablisman lekòl la, se li k'ap mete lè sa a yo nan Sistèm Swivi Volontè a.

Konduit

Elèv ap gade sou ou kòm yon wòl modèl. Ou dwe abiye kòrèkteman. Fason w ye dwe montre ou se moun respektye, poli e ki vle kolabore. Y'ap sispann oswa revoke avantaj volontè ou te genyen si w pa koube w anba règleman Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk la.

Telefòn Selilè

Volontè dwe suiv règleman Direksyon Jeneral la konsènan itilizasyon telefòn selilè nan lakou lekòl la.

Disiplin

Se pèsònèl lekòl la ki responsab koze disiplin. Ou dwe rapòte nenpòt pwoblèm bay moun ki responsab yo.



Règleman Direksyon Jeneral la

Kontwòl sou Vi Pase (6Gx53.3003 VI.D.1)

Moun k'ap aplike pou vin volontè dwe bay enfòmasyon nesèsè pou FDLE ka fè kontwòl sou vi pase yo anvan yo ba yo otorizasyon kòm volontè.

Konpansasyon Travayè (6Gx53.3003 VI.D.5)

Volontè ki nan lis volontè ki apwouve yo gen kouvèti asirans Konpansasyon Travayè lè y'ap sèvi nan aktivite lekòl la ap sipòte.

Booster club/PTA/PTO responsab asirans pou kouvri volontè nan aktivite òganizasyon sa a yo sipòte.

Pa Devwale Enfòmasyon Elèv (6Gx53.3003 VI.D.8)

Lwa nan Florid 1002.22 pwoteje dwa prive enfòmasyon ak dosye elèv, tankou pèfòmans akademik, klas, mwayèn, dosye prezans ak disiplin, done sou sante, done sou fanmi yo, nòt ak obsèvasyon pwofesè ba yo ak konseye yo. Enfòmasyon sa a yo konfidansyèl e yo pa dwe pale yo ak okenn moun ki pa manm nan ekip lekòl la. **Gen sanksyon legal ki ka pran kont kèlkeswa moun ki pa respekte dwa prive elèv**

Timoun ki poko gen Laj pou Lekòl (6Gx53.3003 VI.D.13)

Volontè pa ka mennen timoun ki poko gen laj pou lekòl oswa lòt timoun ki pa nan lekòl la lè y'ap ede elèv lekòl la nan leson yo, nan pwomnad, konseye, nan sal klas yo, nan sant aparèy yo, nan biwo a, nan kafeterya a oswa nan klinik lan.

Itilizasyon Tabak ak Alkòl (6Gx53.3003 IX.C; IX.D)

Itilizasyon tabak ak alkòl entèdi nan lakou lekòl la e pandan aktivite lekòl yo. Machin/moto w fè pati lakou lekòl la si w itilize l pou transpòte elèv, konsa ou dwe obeyi règleman Direksyon Jeneral la nan lè sa a.

Disiplin (6Gx53.3003 VI.D.8)

Sanksyon disiplin se responsablite legal pwofesè a.

Sipèvizyon Ekip Lekòl la (6Gx53.3003 VI.D.8)

Yo pa dwe janm bay volontè responsab sal klas si yon anplwaye Direksyon Jeneral la pa la.

Transpòte Elèv (6Gx53.3003 VI.D.14, 6Gx53-7.001.III)

Volontè dwe transpòte elèv nan aktivite lekòl la ap òganize nan machin lekòl la otorize. Volontè ki transpòte elèv nan aktivite lekòl la ap fè nan machin pèsònèl yo, se pwòp risk yo pran pou yo fè sa, puiske kouvèti asirans Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk valab sèlman pou machin Direksyon Jeneral la posede, anfèmsa oswa lwe.

Vwayaj Volontè (6Gx53.3003 VI.D.6; 6Gx53-5.011)

Volontè kapab jwenn otorizasyon nan men Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk la pou vwayaje epi yo ka elijib pou jwenn otorizasyon administratif pou remèt yo lajan yo depans pou vwayaj la.

Pou plis enfòmasyon:

<http://www.polk-fl.net/districtinfo/boardmembers/boardpolicy.htm>

Volontè nan Lekòl Polk yo



Pwomnad

Akonpayatè pwomnad dwe gen otorizasyon volontè apati premye Fevriye 2010.

Zòn pwomnad yo ap fèt la vin tounen lòt branch lekòl la. Tout regleman ak aktivite ki gouvènèn volontè yo nan lekòl la se menm yo ye nan pwomnad yo tou.

Se pwofesè ak administratè a ki pou deside ki kantite akonpayatè yo bezwen pou pwomnad. Administratè lekòl la kapab limite kantite granmoun k'ap akonpaye elèv yo nan nenpòt pwomnad.

Akonpayatè yo responsab timoun pwofesè a mete sou responsablite yo. Si ta gen rezon ki fè akonpayatè yo dwe kite gwoup timoun ki sou responsablite yo, yo dwe fè aranjman ak pwofesè a. Akonpayatè pa abandone responsablite yo gen pou pwoteje elèv ki avèk yo pou yo ale vizite ak lòt moun majè parèy yo.

Tout akonpayatè dwe gen pou pi piti 18 lane.

- Manm fanmi ki pa apwouve kòm volontè ki akonpaye pitit pa yo dwe kominike ak ekip lekòl la.
- Pa pale vye bagay oswa langay ki pa kòrèk.
- Yo entèdi tabak, alkòl ak dwòg oswa pwodui ilegal nan machin, bis e nan zòn pwomnad yo.
- Moun majè yo dwe mete rad kòrèk sou yo. Lekòl la ka di w ki kalite rad pou w mete.
- Pa itilize telefòn selilè sof si gen ka ijans. Atansyon w dwe toujou sou elèv yo.
- Akonpayatè dwe fè travay yo gen pou yo fè nan lekòl la anvan y'ale nan pwomnad, epi y'ap fini travay yo lè yo retounen sot nan pwomnad. Nenpòt lòt aranjman yo gen pou yo fè ak administrasyon an dwe fèt anvan y'ale nan pwomnad la.
- Akonpayatè Direksyon Jeneral Lekòl Depatman Polk la apwouve e k'ap transpòte elèv nan machin prive yo responsab tout elèv ki nan machin yo si ta gen aksidan ki rive. Yo mande yo yon kat asirans machin nan ak lisans kondui yo.
- Timoun ki poko gen laj pou ale lekòl oswa timoun ki pa nan lekòl la pa ka ale nan pwomnad.
- Si w pa respekte regleman pwomnad yo, w'ap pèdi avantaj volontè a.

Volontè nan Lekòl Polk yo



Responsablite nan Klas

Volontè pa janm rete poukont yo ak yon elèv oswa yon gwoup elèv. Si yon manm ekip lekòl la mande w pou w fè sa, tanpri raple manm pèsònèl sa a règleman lekòl la, epi ale rapòte demann lan bay kòdonatè volontè lekòl la.

Timoun ki pa nan Lekòl la

Volontè pa ka mennen timoun ki poko gen laj lekòl nan lekòl la lè yo vin fè travay volontè yo. Lekòl la pa kapab asire sekirite timoun sa yo pandan volontè a ap konsantre li sou travay l'ap fè ak elèv ki sou responsablite l yo.

Absans

Elèv yo konte sou ou. Fè tout sa w kapab pou w fè travay ou vit e pou yo fè w konfyans. Si w malad oswa si w gen ijans, tanpri rele biwo lekòl la e mande pou yo fè pwofesè a konnen ou pa kapab ede kòm volontè pou jou sa a.

Si pwofesè w'ap travay avèk li a pa la, mande pou w pale ak pwofesè sipleyan an. Si sipleyan pa prepare pou resevwa, fè rapò bay kòdonatè volontè a k'ap ba w yon lòt aktivite pou w fè.

Ijans Elèv

Se responsablite pèsònèl la pou l pran swen elèv ki malad oswa ki pran chòk. Volontè pa gen dwa bay elèv swen ni medikaman. Volontè pa gen dwa deplase timoun ki pran chòk. Kontakte yon manm nan ekip lekòl la ki pral koumanse damach kòrèk yo.

Mande èd

Si w bezwen plis eksplikasyon pou w fè yon aktivite yo ba w fè, pa jennen pou w mande. Kenbe yon metòd kominikasyon ak pwofesè a, oubyen pa ekri oswa vèbal. Si w wè li nesèsè pou yo chanje aktivite yo ba w fè a, kontakte kòdonatè volontè lekòl la.

Volontè ki Soti nan Òganizasyon ki pap fè Pwofi yo

Volontè pa dwe angaje yo nan okenn dyalòg oswa anseyman ki kapab enfluyansé kwayans relijye elèv yo.

Volontè nan Lekòl Polk yo



Pwoteje Elèv nou yo

Lè w sispèk gen timoun y'ap maltrete e/oswa yo neglije, yo mande w pou w bay enfòmasyon nan Florida Hotline 1-800-962-2873. Ekip lekòl la ap ede w suiv demach kòrèk lwa nan Eta a ak regleman Direksyon Jeneral la pou w fè sa.

Si yon elèv ap pale konsènan fè tèt li mal oswa fè lòt moun mal, rapòte konvèsasyon sa a **imedyatman** bay ekip lekòl la.

Volontè yo dwe gade sekre tout sa yo wè e tout sa yo tande nan lekòl la. Nenpòt enfòmasyon konsènan pwogrè akademik yon elèv, konduit li oswa yon ensidan ki gen pou wè ak lekòl la, se yon gwo sekre lalwa nan Florid entèdi pou moun devwale. Se avèk otorite lekòl la ou dwe pataje nenpòt enfòmasyon ou ta genyen.

Volontè lekòl ki temwen moun k'ap chache moun kont (pase nan betiz; rejè sosyal; menas; nuizans; vyolans fizik; vòl; pèsekisyon seksyèl, relijye oswa rasyal; imilyasyon piblik; kraze brize nan pwopyete moun) dwe rapòte ensidan an bay yon manm ekip lekòl la imedyatman. (Lwa nan Florid 1006.147)

Lwa Jessica Lunsford

Sèl moun k'ap mennen biznis, kidonk ki gen kontra travay nan Lekòl nan Depatman Polk la yo dwe koube anba Lwa Jessica Lunsford la. **Kontakte: Greg Bondurant, Biwo Lekòl San Danje a nan 863-534-9253.**

Rechèch sou vi pase pwofesyonèl nan edikasyon k'ap gen pou travay ak elèv dwe nan Nivo 2. Kontakte: Biwo Lekòl San Danje a nan 534-9253.

Pwoteje Volontè nou yo

Rete sou zye pèsònèl lekòl la lè w'ap travay ak elèv yo. Rasire w w'ap travay yon kote tout moun wè w, e pa kite w twouve w nan yon sitiyasyon pou moun ap malentèprete sa w'ap fè. Evite kontak fizik apa bay pwaye men e men sou zepòl, sof si gen lòt moun majè ki la tou. Volontè pa dwe gen kontak fizik ak elèv si se pa nan lè travay lekòl la.

Lalwa nan Florid gen yon regleman ki di pèsonn pa kapab rele nan tribinal yon volontè ki "aji de bòn fwa".

Volontè nan Lekòl Polk yo



Pwoteksyon Konpansasyon Travayè

Volontè ki apwouve nan lekòl yo kalifye pou yo resevwa benefis konpansasyon travayè pandan y'ap sèvi nan lekòl la kòm volontè. Volontè ki pran chòk nan aktivite volontè yo dwe pran fòm konpansasyon travayè a nan sekretarya lekòl la, kote yo pral dirije yo nan lòt demach y'ap gen pou yo fè.

Booster (òganizasyon Sipò) ak òganizasyon paran yo dwe pran asirans pou volontè k'ap sèvi yo. Lè se nan aktivite pa òganizasyon sa yo volontè yo ye, asirans Konpansasyon Travayè distri a pa kouvri volontè yo.

Avantaj Taks pou Volontè yo

Ou kapab ranpli enpo w ak resi 24 dola ou peye pou yo fè rechèch sou vi pase w la. Volontè ki apwouve yo kapab jwenn rabè \$0.14 sou chak milyaj yo fè nan machin yo lè y'ap vin travay kòm volontè. Wè ak konseye taks ou pou plis enfòmasyon.

Jèn Volontè

Elèv kapab sèvi kòm volontè nan Lekòl nan Depatman Polk pou yo ka jwenn kredi pou lè sèvis yo bay kominote a. Elèv nan lekòl Depatman Polk la pa bezwen ranpli aplikasyon volontè a. Elèv ki lekòl lakay yo ak elèv lekòl prive dwe peye 24 dola pou yo ka fè rechèch sou vi pase yo epi y'ap ranpli aplikasyon an sou entènèt.

Sweatmonkey.org se yon rekou elèv itilize pou yo ale nan opòtinite sèvis andiplis.

Pwogram Volontè pou Granmoun ki Pran Pansyon

Volontè ki gen 55 lane ou plis ka enskri pou Pwogram Volontè pou Granmoun ki pran Pansyon (RSVP). Lè w fin ranpli fòm ki la pou sa yo, ou gen chwa pou yo ranbouse w lajan w depanse nan gaz pou distans ou fè. Kontakte: Michelle Shiver, Direktè /Kòdonatè Pwojè nan 534.5249.

Anplwaye kòm Volontè

Anplwaye Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk la deja apwouve kòm volontè lè yo ranpli e remèt yon fòm pou volontè nan <https://volunteer.polk-fl.net>. Antre non itilizatè w (non.siyati) epi modpas ou.